

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Prosés pangajaran boh di jero kelas boh di luar kelas pasti miboga kaonjoyan jeung kahéngkérán séwang-séwangan, kitu ogé pangajaran basa. Pangajaran basa Sunda jadi salah sahiji pangajaran anu ngalaman sababaraha pasualan.

Kurang mampuhna guru dina ngolah mata pelajaran basa Sunda di kelas, jadi salah sahiji pasualan nu ngalantarankeun siswa henteu bisa ngamekarkeun poténsi dirina. Guru saukur ngagunakeun modél ceramah dina nepikeun pangajaran ka siswa, padahal guru miboga pancén pikeun jadi fasilitator keur kagiatan diajar ngajar. Ieu hal ngabalukarkeun siswa saukur jadi pangregep nu pasif di jero kelas, siswa ogé jadi ngarasa hésé dina ngalakukeun sababaraha prakték pangajaran, kawas nyarita jeung nulis.

Pangajaran nulis jadi salah sahiji pangajaran anu henteu dipikaresep ku siswa, lantaran siswa ngarasa pangajaran nulis téh kaasup kana pangajaran nu hésé. Kasang tukangna taya lian ti dina prak-prakanana siswa diperedih pikeun ngébréhkeun naon nu aya dina pikiranana kana wangun tulisan.

Ari nulis mangrupa salah sahiji komponén tina kaparigelan ngagunakeun basa. Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi (Tarigan, 2008: 22). Wangun tulisan téh aya sastra imajinatif jeung sastra non-imajinatif. Ari nu kaasup kana sastra imajinatif nya éta: sajak jeung prosa, sedengkeun nu kaasup kana sastra non-imajinatif nya éta: éséy, kritik, biografi, autobiografi, sajarah, memoar, catetan sapopoé, jeung surat (Sumardjo & Saini, 1986: 18). Salah sahiji tina wangun sastra non-imajinatif nu aya dina Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar nulis (kurikulum 2006) sarta dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KD) dina kurikulum 2013 kelas X Sekolah Menengah Atas (SMA) téh nya éta nulis biografi.

Vinie Novianita, 2014

Média Film Bingkai Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ari nulis biografi teu kawas tulisan séjénna, sabab dina biografi kudu nyaritakeun fakta-fakta ngeunaan kahirupan, pangalaman, kagiatan, ogé ngagambarkeun pasipatan, témpramén jeung lingkungan tokoh nu dicaritakeunana. Dumasar kana cara nulisna biografi ka bagi jadi opat, nya éta: nu nulisna, eusina, pasualan nu dibahas, jeung nu medalkeunana.

Pangajaran nulis biografi kiwari miboga sababaraha pasualan, di antarana dina prosés nepikeun pangajaran atawa prosés diajar ngajar antara guru jeung siswa nalika di jero kelas. Salian ti éta siswa kurang resep kana pangajaran nulis alatan kurangna sumber ide jeung teu dibimbing pikeun ngébréhkeun idena kana wangun tulisan.

Patalina jeung hal di luhur, perlu ayana usaha pikeun memener hasil diajar siswa ku sababaraha cara, di antarana: ningkatkeun sarana jeung prasarana, méré motivasi sangkan siswa getol diajar, ogé dina nepikeun bahan pangajaran kudu disaluyukeun jeung tingkat kamampuh siswa sarta ngirut panitén siswa. Ku kituna panalungtik miboga kahayang pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi ngaliwatan media pangajaran.

Média nya éta asal kecapna tina basa Latin *medius*, nu sacara harfiah hartina "tengah", jeung tina basa Arab *wasail* wangun *jama* tina *wasilah* nya éta sinonim tina *wasth* nu hartina "tengah". Kecap tengah sorangan miboga harti aya diantara dua sisi, atawa sok disebut "perantara". Ari média pangajaran sorangan nya éta sagala hal nu bisa nepikeun pesen ti sumber, sangkan lingkungan diajar bisa kondusif, nu narima pesenna bisa ngalakukeun prosés diajar kalayan éfisién jeung éféktif (Munadi, 2010:8). Numutkeun Sadiman dina bukuna "Media Pendidikan" (2012:17) média bisa ngahudang karep siswa pikeun diajar. Ku kituna pikeun ngungkulan pasualan di luhur, panalungtik nawarkeun salah sahiji média pangajaran nu bisa jadi bongbolongan tina sababaraha pasualan tadi.

Média pangajaran nu baris digunakeun nya éta média film bingkai. Média film bingkai atawa média *slide* nya éta kombinasi tina *slide* jeung sora nu dihijikeun (Arsyad, 2009: 154). Film bingkai di dieu ngawengku sababaraha gambar nu

dibarung ku hiji narasi, terus diproyéksikeun nepi ka bisa dilalajoan ku siswa. Ieu média kaasup kana média audio visual, sabab aya unsur audio (narasi) jeung visual (gambar). Ku kituna ieu média bisa ngirut karep siswa pikeun diajar.

Film bingkai bisa ngahudang sumanget siswa kana diajar nulis biografi, sabab siswa teu saukur ngaregepkeun guru nalika ngajar, tapi siswa bisa nulis biografi dumasar kana imajinasina sorangan sanggeus niténan film bingkai. Siswa ogé dibéré kabébasan pikeun nulis biografi dumasar naon anu kacangking ku ingetanana sanggeus niténan film bingkai nu ditayangkeun, sanajan angger kudu saluyu jeung sagala tiori ngeunaan nulis biografi. Ku kituna, ieu média pangajaran téh bisa ngamaksimalkeun poténsi nu aya dina diri siswa pikeun narima jeung nyangkem pangajaran, utamana dina pangajaran nulis biografi.

Panalungtikan nu ngagunakeun média film kungsi dilakukeun, di antarana ku Sri Rahayu kalayan judul “Éféktifitas Média Pilem dina Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Taun Ajaran 2010/2011)”. Éta panalungtikan geus bisa ngabuktikeun yén média film bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.

Panalungtik milih SMA Laboratorium Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia (UPI) pikeun tempat panalungtikan alatan sababaraha hal, di antarana lantaran panalungtik kungsi keur ngalaksanakeun Program Latihan Propési (PLP) di ieu sakola, ogé lantaran sababaraha pasualan di luhur tadi kapanggih ti ieu sakola. Ku kituna ieu panalungtikan baris dilakukeun di SMA Laboratorium Percontohan UPI.

Dumasar kasang tukang di luhur, panalungtik ngarasa kataji pikeun nalungtik “Média Film Bingkai pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén Kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Vinie Novianita, 2014

Média Film Bingkai Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Saluyu jeung kasang tukang di luhur, pikeun leuwih museurkeun ieu panalungtikan perlu diwatesanan supaya jéntré sarta henteu méngpar tina katangtuan anu geus ditangtukeun. Watesan masalah dina ieu panalungtikan medar ngeunaan média film bingkai pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha prak-prakan pangajaran nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 maké média film bingkai?
- b. Kumaha kamampuh nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média film bingkai?
- c. Kumaha kamampuh nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 sanggeus ngagunakeun média film bingkai?
- d. Naha aya béda signifikan kamampuh nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média film bingkai?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan anu rék dihontal nya éta pikeun ngaronjatkeun prosés diajar ngajar ngaliwatan pangajaran nulis biografi ngagunakeun Média Film Bingkai siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014.

Vinie Novianita, 2014

Média Film Bingkai Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. prak-prakan pangajaran nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 maké média film bingkai;
- b. kamampuh siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014 dina nulis biografi saméméh ngagunakeun média film bingkai;
- c. kamampuh siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014 dina nulis biografi sanggeus ngagunakeun média film bingkai;
- d. béda signifikan kamampuh nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média film bingkai.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan média pangajaran anu hadé dina pangajaran nulis biografi, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan literatur pangajaran nulis di sakola, anu tujuanana pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis biografi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, di antarana pikeun sawatara unsur ieu di handap.

- a. Dunya atikan, dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra Sunda.

- b. Panalungtik, bisa meunang gambaran ngeunaan kamampuh nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média film bingkai, sarta bisa mikanyaho béda signifikan kamampuh nulis biografi siswa kelas X Saintek 4 di SMA Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média film bingkai.
- c. Guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu média pikeun alternatif pangajaran di kelas sangkan siswa bisa mikaresep kana pangajaran nulis biografi.
- d. Siswa, bisa nambahan pangalaman siswa dina pangajaran nulis.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan di dieu dibagi jadi lima bab, nya éta:

BAB 1 ngajéntrékeun ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan husus, tur mangpaat panalungtikan.

BAB 2 ngajéntrékeun ngeunaan raraga tiori, ti mimiti ulikan tiori anu ngawengku: wangenan média nepi ka klasifikasi jeung mangpaat média. Dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan wangenan film jeung film bingkai, ti mimiti wangenan, kaonjoyan jeung kahéngkérana, jenis-jenisna, nepi ka kumaha cara nyieun film bingkai, ogé kumaha ngalarapkeun média film bingkai dina pangajaran biografi. Pon kitu deui ngeunaan biografi, dijéntrékeun ti mimiti wangenan nepi ka sarat nyieun biografi anu hadé. Satuluyana dipedar ngeunaan raraga pamikiran, anggapan dasar jeung hipotésis.

BAB 3 ngajéntrékeun ngeunaan métode panalungtikan, instrumén panalungtikan jeung téhnik panalungtikan.

Dina BAB 4 ngajéntrékeun ngeunaan pedaran hasil panalungtikan jeung analisis média film bingkai dina pangajaran nulis biografi.

BAB 5 ngajéntrékeun ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.

Vinie Novianita, 2014

Média Film Bingkai Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Vinie Novianita, 2014

Média Film Bingkai Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu